

Mariah Keeps Cool/ Mariah Rete Kalm

Mariah ak gwoup zanmi “ Friendly Five” ki vle di Senk Zanmi ap **antrene** pou yon **konkou** la naj. An mèm tan, yo te ap prepare yon **sipriz** pou fèt sè Mariah ki rele Lynn. Tout **planifikasyon** te fèt lakay Brandon, yon elèv nan klas yo, ki t ap ede yo kòm **antrenè** la naj. Tout moun te ap ede nan **preparasyon** fèt la. Denise ki se demi sè Mariah te ap montre Friendly Five yo fè flè an papye pou dekore lakou fèt la. Tout òganizasyon fèt te vin fè Mariah ak Denise vin pi pwòch youn ak lòt. Mariah te kontan paske detanzantan manman te ensiste mande Lynn fè de twa bagay pou li.

Tout bagay te sou kontwòl, men Lynn pat **kopere**. Mariah panse Lynn te **sispèk** yon bagay. Tout tan Lynn t ap mande pou Denise te ak li. Yon jou, pandan tout moun tap travay, fè **dekorasyon**, Brandon t ap fè siy ak **pankat**, Lynn parèt sou yo. Tout senk zanmi yo te kouri a l chita mete pye yo nan pisin nan, Brandon te pran pòz li tap pale ak yo. Denise li menm te oblije kache anndan. Lynn te mande pou li wè yo ap naje. Brandon reponn, “Nou pa vle espektatè lè n ap travay.”

Lavèy fèt Lynn nan, pandan yo t ap manje, Lynn deklare, “Mewn pa vle fè anyen pou fèt mwen...m ap rete repoze nan kabann mwen tout jounen.” Lynn te di tout moun li p at vle yon **selebrasyon**. Manman ni te pran demi jounen nan travay li. Konsa, li mande Lynn pou ale nan libreri ak li. Lynn te dakò.

Kou yo kite kay la, Mariah te rele tout **envite** yo nan telefòn. Vè twazè aprèmidi Papa te gentan pase pran tout bagay yo kay Brandon. Tout moun te la, pare pou yo travay. Manman Brandon ak grann Cynthia te la tou. Jan Denise te melanje papye pou li te kouvri bwat yo te reyèlman bèl.

Kòm Lynn se **volontè** nan yon sant pou moun ki pa gen kay; Mariah mande tout moun pou yo te pote rad timoun, ak rad granmoun. Senk zanmi yo te pran tan yo ranmase bwat konsèy ak pwovizyon alimantè.

Lakou a te sanble a ou jaden majik, ranpli flè ak bwat kolore. Papa Brandon te pote enstriman mizik. Gato, papita, sosis, kola, gwo kivèt glas ak tou bon bagay te sou tab la prepare pou fete Lynn.

Finalman, bwi machin nan te rive. Toutmoun te fè silans. Lynn antre nan lakou a, toutmoun rele, “SIPRIZ!”

Zye Lynn vini laj, bouch li ouvri, li kouri kouvri bouch li pou li pa rele anmwe, li fè sa li vire tou won pou li eseye kouri sove. Manman kenbe li an plas jistan li kalme li.

Mariah te kontan. Li kouri vit al sou Lynn, li pase de bra li antoure li. “Nou fè li”, “li rele. Lynn te choke, vrèman sipriz. Mariah obsève Lynn ki ap gade siy yo: Bòn Fèt, Lynn, Nou Renmen w, Separe se **Swaye**. Lynn gade epi li wè bwat yo ranpli manje ak rad pou sant St. Martin. Mariah konnen Lynn te ap goumen ak yon kriye, lè li di, “ Mwen pat vle fèt, men mwen kontan nou tout la a. Mwen konnen zanmi mwen yo nan sant St. Martin ap kontan konnen nou sousye pou yo.”

Pita tout moun te chante “Bòn Fèt”, yo te separe krèm ak gato. Aprè sa tout moun te ap amize yo, pèsonn pat vle ale lakay yo.

Aprè minwi, lè tout envite yo te fini ale, Mariah pat remake li te fatige tèlman li te kontan. Senk zanmi yo rasanble ak Brandon. “Ann pale de konkou la naj la”, Mariah rele. Yo kenbe men, epi yo kriye, “Nou fini ak youn, nou rete youn!”

Mariah di, “Nou fè l yon fwa deja, “Nou kapab fè l ankò.”

An nou panse a istwa “Mariah Keeps Cool”

KESYON

Ki pwoblèm ki gen nan istwa? Chache detay nan istwa pou ou eksplike repons ou.

Ki sa Mariah fè pou li kapab kenbe fèt Lynn nan yon sipriz?

Dekri kouman ou panse Mariah ye? Èske ou ta renmen gen yon zanmi tankou li? Poukisa?

Kouman gwoup “Friendly Five”, montre yo kapab rezoud pwoblèm?

Eske ou ta renmen bay ouson resevwa kalite kado Lynn resevwa? Poukisa? Esplike

Revize desen

Fè youn nan desen ki montre yon pati nan istwa “Mariah Keeps Cool”. Ak yon patnè diskite kisa ou panse de desen an. Poukisa ou chwazi fè desen sa an? Kisa desen an montre?

Ekri yon paragaf pou eksplike desen an.

5th grade - Theme 4 - Person to Person
Mariah Keeps Cool

		 	
			
			
 		 	
			

5th grade - Theme 4 - Person to Person Mariah Keeps Cool

mèvèy	selebrasyon	dekore	arete
festivite	onore	Rezistan	espektatè
sispèk	volontè	aproche	planchnajè
Fè komisyon	Tig diri	Sak diri	Stope
Kontan	difikilte		

